

Kominike pou laprès

12 Novanm 1964 – 12 novanm 2014 : « Ochan pou Marcel Numa ak Louis Drouin »

10 novanm 2014 - Jou kap 12 novanm 2014 la, ap fè 50 lane depi diktatè François Duvalier te fè ekzekite piblikman Marcel Numa ak Louis Drouin, 2 manm gwoup « Jeune Haïti ».

Lan mwa dawout 1964, trèz manm gwoup « Jeune Haïti » ak anpil kouraj ak detèminasyon te deside konbat rejim kraze zo François Duvalier a ki te fenk nonmen tèt li prezidan a vi. Trèz manm « Jeune Haïti » yo, te rive konbat epi reziste pandan 80 jou nan depatman grandans.

Pou kraze mouvman gwoup « Jeune Haïti » a, rejim sanginè François Duvalier a te masakre anpil moun, plizyè santèn inosan mouri epi anpil fanmi tè disparèt. Kote 11 manm Jeune Haïti te mouri nan konba, Marcel Numa ak Louis Drouin yo menm te arete epi jije devan you tribunal militè, alòske se te de sivil. Tribunal la te kondane yo a yon ekzekisyon piblik.

Tout moun te « envite », menm lekòl te fòse voye delegasyon timoun vin gade ekzekisyon sila. Kadav yo te rete ekspoze plizyè jou pou entimide popilasyon an.

ASIRE ap envite tout ayisyen alawonbadè, mèkredi 12 novanm 2014 a 8è nan maten, devan simityè pòtoprens (antre ri lantèman), kote ekzekisyon sa te fèt.

Vin rann yon omaj pasifik e senbolik a 2 jèn sa yo ki te bay lavi yo pou konbat diktati sanginè Duvalier a.

Li enpotan pou kontinye fè limye sou tout konsekans negativ diktati sa te kite sou lavi politik, kiltirèl, ekonomik ak sosyal peyi a. Se responsabilite tout sitwayen konsène, tout sitwayèn konsekan

ASIRE-Aksyon Sitwayèn Responsab- se yon group sitwayen ak sitwayèn ki ap patisipe nan yon travay sansibilizasyon pou verite ak jistis

« *Un peuple sans mémoire est un peuple sans avenir* » Aimé Césaire.

Kontak Allenby Augustin / Christophe Denis

Email : asireayiti@gmail.com

Tel 44 43 98 23